



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ENSTRIKSYON KI RAPLE PATWON YO KE LWA SOU KONJE MALADI PEYE NEW YORK LA KOUVRI TOUT PERYÒD REKIPERASYON KI NESESÈ APRE VAKSINASYON COVID-19 LA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Travay (Department of Labor, DOL) Eta New York ap soti enstriksyon pou tout patwon ke tout peryòd rekiperasyon ki nesèsè apre vaksen COVID-19 la kouvri anba Lwa sou Konje Maladi Peyè eta a. Dapre yon [sondaj](#) resan ke Kaiser Family Foundation te fè, pami Ameriken ki pa vaksinen yo, 48 pousan di yo te enkyete pou yo "pa t oblije rate travay si efè segondè vaksen an fè yo santi yo malad pou yon jou oswa plis." Gwoup sa genyen ladan l prèske de tyè, oswa 64 pousan adilt Ispanik ak plis pase mwatye adilt Nwa oswa 55 pousan ki pa vaksinen.

"Vaksen an se kle k ap defèt COVID la pou bon epi n ap fè tout sa nou kapab pou retire tout baryè pou bay piki nan bra yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Malgre efè segondè vaksen an ki ekstrèman limite, kèk etid te demontre gen moun ki evite pran vaksen yo paske yo pè pou yo pa rate travay yo nan lòt jou a. Mwen ta vle klè tankou dlo kokoye -- okenn Nouyòkè p ap rate yon jou pèman akoz li pran vaksen an. Depatman Travay la ap soti enstriksyon pou tout patwon k ap raple yo ke nan ka ki pa pwobab yon moun bezwen konje apre li te gen efè segondè, selon lalwa, sa konsidere kòm yon jou konje maladi peye. Nou mete COVID la nan kòd, epi nou pa ka abandone kounye a. Vaksen an san danje, efikas epi diponib, epi pi bonè tout moun pran li, se pi bonè n ap mete pandemi an dèyè nou epi vanse pou pi devan nan yon avni ki pi briyan."

Nan dat 12 mas Gouvènè Cuomo [te siyen lejislasyon](#) ki bay anplwaye piblik ak prive yo konje pou resevwa vaksinasyon COVID-19 la. Dapre nouvo lwa sa, y ap bay anplwaye yo jiska kat èdtan konje motive pa enjekasyon ki p ap ajoute sou okenn lòt konje anplwaye a te genyen oswa akimile.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)